

**PANGAJARAN NGAANALISIS KAÉDAH BABASAN TÉKS RÉSENSI
NU MOKUSKEUN KANA KONJUNCSI TÉMPORAL KU NGAGUNAKEUN
MODÉL DISCOVERY LEARNING PIKEUN SISWA KELAS XI
SMAN 1 PARONGPONG TAHUN AJARAN 2017/2018**

ku
**DINDA PERMATA FAUZIAH
NIM 145030049**

RINGKESAN

Ngaanalisis nyaéta hiji kagiatan anu dilakukeun pikeun nalungtik salah sahiji bacaan tina téks, sahingga meunang pamikiran anyar. Modél discovery learning nyaéta modél pangajaran anu basisna pamanggih. Tujuan tina panalungtikan ieu nyaéta pikeun medar kamampuan siswa dina ngaanalisis kagunaan konjungsi témporal tina téks rénsénsi ku modél discovery learning. Rumusan pasualan ku nu nulis diajukeun nyaéta (1) Naha nu nulis mampu ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran ngaanalisis kaédah babasan téks rénsénsi nu mokuskeun kana konjungsi témporal ku ngagunakeun modél discovery learning pikeun siswa kelas XI SMAN 1 Parongpong? (2) Naha siswa kelas XI SMAN 1 Parongpong mampu ngaanalisis kaédah babasan téks rénsénsi nu mokus kana konjungsi témporal ku ngagunakeun modél discovery learning? (3) Naha modél discovery learning éféktif digunakeun dina pangajaran ngaanalisis kaédah babasan téks rénsénsi nu mokus kana konjungsi témporal pikeun siswa kelas XI SMAN 1 Parongpong? Métode panalungtikan anu digunakeun nyaéta ékspérimén samar (quasi experiment) ku one group pretest-posttest design. Anapon hasil panalungtikan ieu nyaéta (1) Nu nulis mampu ngarancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran ngaanalisis kaédah babasan téks rénsénsi nu mokus kana konjungsi témporal pikeun siswa kelas XI SMAN 1 Parongpong ku ngagunakeun modél discovery learning. Hal kasebut kabuktian tina hasil meunteun rata-rata rarancang jeung pelaksanaan pangajaran nepi ka 3,93. (2) Siswa kelas XI SMAN 1 Parongpong mampu ngaanalisis kaédah babasan téks rénsénsi nu mokus kana konjungsi témporal ku ngagunakeun modél discovery learning. Hal ieu kabuktian tina peunteun rata-rata pretést 28,37 sedengkeun peunteun rata-rata posttéstna 70,41. Jadi, ngaronjat nepi ka 42,04. (3) Modél discovery learning éféktif digunakeun dina pangajaran ngaanalisis kaédah babasan téks rénsénsi nu mokus kana konjungsi témporal pikeun siswa kelas XI SMAN 1 Parongpong. Hal ieu kabuktian tina hasil itungan statistik kalayan hasil $t_{étang} > t_{tabél}$, nyaéta 26,11 > 2,04 dina tingkat kapercayaan 95% kalayan taraf signifikan 5% jeung darajat kabébasan 28. Dumasar kana kanyataan kasebut, bisa dicindekeun yén nu nulis tos hasil ngalakukeun pangajaran ngaanalisis kaédah babasan téks rénsénsi nu mokus kana konjungsi témporal ku ngagunakeun modél discovery learning.

Kecap maneuh : ngaanalisis, modél discovery learning, téks rénsénsi.